



Sa ou dwe konnen konsènan

POLYO

Kisa polyo ye?

Polyo se yon maladi ki kontajye anpil, ki ka lakoz paralizi oswa menm lanmò lakay moun ki pa vaksinen.

Poukisa mwen ta dwe enkyete?

- Nan dat 21 jiyè 2022 a, yo te konfime yon ka polyo lakay yon rezidan Rockland County.
- Pou chak ka polyo yo vin dekouvri, ka petèt genyen plizyè santèn lòt moun ki enfekte ak maladi a.

Kimoun ki arisk?

- Tibebe ki fenk fèt ki twò piti pou yo vaksinen kont polyo.
- Timoun ki genyen laj 2 lane ak sa ki pi piti ki pa resevwa tout vaksen kont polyo yo.
- Adilt ki pa vaksinen oswa ki pa ajou nan vaksen kont polyo, sa enkli adilt ki ansent yo.

Pa genyen okenn tretman pou geri polyo. Vaksinasyon an se yon pwoteksyon. Vaksen kont polyo san danje, li 99% efikas, e li pwoteje plizyè milyon moun pandan plizyè dizèn lane.

Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen ak pitit mwen?

Meyè fason an se pou rete ajou nan kalandriye vaksinasyon kont polyo ki annapre a:

Timoun yo dwe pran:

Dòz 1: 6 semèn - 2 mwa

Dòz 2: 4 mwa

Dòz 3: 6 jiska 18 mwa

Dòz 4: 4 jiska 6 lane

Adilt, ki enkli moun ansent:

Yo dwe pran 3 dòz si yo pa vaksinen oswa si yo pa sèten ke yo te vaksinen.

Adilt ki te pran sèlman 1 oswa 2 dòz vaksen kont polyo:

Yo dwe pran 1 oswa 2 dòz ki rete yo, kèlkeswa kantite tan ki pase depi yo te pran premye dòz yo.

Adilt ki gen risk elve pou yo ekspose ak polyo, menm si yo te fin pran yon seri vaksen woutin kont polyo:

Yo ka resevwa yon dòz rapèl avi pou vaksen inaktive kont polyo (Inactivated Polio Vaccine, IPV) a.

Sa ou dwe konnen konsènan

POLYO

Sentòm, Transmisyon ak Prevansyon

Kisa sentòm polyo yo ye?

Sentòm komen sa yo ka lejè e yo ka sanble ak sentòm grip epi yo ka pran jiska 30 jou pou yo manifeste:

- Malgòj
- Fatig
- Lafyèv
- Maltèt
- Kò rèd oswa doulè nan misk
- Vomisman

Se pa tout moun ki genyen viris polyo a k ap genyen sentòm, men yo ka toujou transmèt lòt moun viris la.

Moun ki pa vaksinen yo oswa ki pa ajou pou vaksen kont polyo yo ka devlope sentòm ki grav, sa ki enkli paralizi pèmanan (pa kapab bouje pati nan kò yo) e menm lanmò. Nan moun ki paralize yo, 5-10% mouri lè misk respiratwa yo afekte.

Kijan polyo transmèt?

- Polyo se yon maladi ki kontajye anpil, e moun ka transmèt viris la menm si yo pa genyen sentòm.
- Polyo transmèt de moun ak moun atravè kontak avèk poupou, lè moun estènye oswa atravè tigout saliv ki tonbe lè yon moun ki enfekte tousé.
- Sa ka rive lè yon moun gen kontak sere ak yon moun ki malad, tankou lè y ap pran swen moun sa yo oswa lè y ap pataje manje oswa kouvè avèk yo.

Kijan mwen ka fè prevansyon kont polyo? Pran Vaksen!

- Asire w ke oumenm ak pitit ou ajou pou vaksen kont polyo w yo.
- Lave men w ak savon pou ede anpeche transmisyon jèm yo.
- Konnen ke dezenfektan abaz alkòl yo pa byen fonksyon pou kèk kalite jèm, tankou polyo.

Èske ou bezwen plis enfòmasyon?

health.ny.gov/polio/immunization



**Kontakte yon pwofesyonèl
swen sante oswa pwogramme yon
randevou gratis jodiya menm.**